STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 13 fevriye 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO MANDE POU DRAPO FLOTE DEMI MA**

Gouvènè Andrew M. Cuomo te òdone ke drapo ki sou bilding gouvènman eta flote a demi ma nan vandredi 14 fevriye nan onè solda Fort Drum ki te mouri nan Afghanistan nan Lendi 10 fevriye.

Lame Prive 1ye Klas Joshua A. Gray, te mouri nan yon ensidan ki pa gen rapò avèk konba nan Bagram Airfield. Li te afekte nan Katye Jeneral ak katye jeneral Batayon 10$^{yèm}$ divizyon Mountain e li te yon natif natal nan Van Lear, Kentucky.

“Nan non tout Nouyòkè yo, Mwen prezante sensè kondoleyans nou a fanmi an ak zanmi 1ye Klas Joshua A. Gray,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Nou atriste pa lanmò jèn solda sa a, e nou jwenn avèk lòt solda yo nan Fort Drum pou pataje lapenn lanmò l ak onore sèvis li.”

Gouvènè Cuomo mande pou drapo sou tout bilding leta yo bese a demi-ma nan lonè ak pou rann omaj pou manm lame nou yo ak sila yo ki nan pòs Nouyòk yo touye nan konba ouben ki mouri nan yon zòn batay.

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

Italian